

Tetanòs:

Blesi ak plè ki enfekte yo ka fè w malad; yo ka menm touye w. Anpeche enfeksyon devlope nan blesi ak nan plè w yo. Netwaye tout blesi ak plè avèk savon e ak dlo. Si posib, itilize antibyotik epi kouvri plè a. Si yon plè anfle oswa si gen likid kap soti ladan l, al kay doktè.

Byenke li pa fasil pou jwenn dlo, lè men w yo pwòp sa ka sove lavi w. Mouye men w yo, lèfini fwote yo byen fò ansanm pandan 15 a 20 segonn avèk savon, sab, oswa sann bwa. Rense men w. Lave yo leplisouvan ke posib epi evite manyen bouch ou, nen w ak zye w pou anpeche maladi pwopaje.

Bilding (Kay) ki Domaje:

Antre andedan bilding (kay) ki domaje yo pandan lajounen defason pou w ka wè si ta gen nenpòt danje. Lè wap netwaye, mete abiman sou ou ki pou pwoteje w, tankou gan, linèt pwoteksyon, ak bòt. Kouvri nen w ak bouch ou pou evite w respire pousyè. Fè atansyon lè wap deplase materyèl ak dekonm nan bilding (kay) yo – bagay yo ka bouje oswa tonbe, e sa ka andomaje w.

Soti nan nenpòt bilding (kay) kote w pran odè gaz oswa odè pwodui chimik. Evite al bò kote fil elektrik ki andomaje. Fè atansyon lè wap louvri pòt oswa plaka – ka gen bagay ki sot tonbe ladan yo. Pwoteje men w pou moso glas ak metal pa blese w. Kouvri nen w ak bouch ou pou evite w respire pousyè. Soti nan bilding (kay) la imedyatman si w tande bwi ki pa nòmal.

Dlo/Dlo Sal:

Kote w abitye pran dlo a nòmalman, ka danjere apre yon tranblemanntè, menmsi dlo a sanble l klè. Bwè dlo ki trete, si posib. Lè w bouyi dlo a pandan 1 minit, se pi bon fason pou fè dlo a potab pou w sa bwè l. Lè w ajoute 5 gout klowòks ki sèvi nan kay nan 1 lit dlo sa pral fè dlo a potab tou. Piga eseye prepare dlo ki melanje avèk gaz oswa avèk pwodui chimik ki danjere, pou fè l vin potab. Piga w janm bwè dlo ki melanje avèk gaz oswa avèk pwodui chimik ki danjere.

Kote w abitye pran dlo nòmalman, ka danjere apre yon tranblemanntè, menmsi dlo a sanble l klè. Bwè dlo ki trete, si posib. Lè li pa posib pou bouyi dlo oswa pou mete klowòks ladan l, kite dlo a poze pandan omwen 3 zèdtan epi filtre l nan yon twal ki pwòp. Piga eseye prepare dlo ki melanje avèk gaz oswa avèk pwodui chimik ki danjere, pou fè l vin potab. Piga w janm bwè dlo ki melanje avèk gaz oswa avèk pwodui chimik ki danjere.

Kote w abitye pran dlo nòmalmàn, ka danjere apre yon tranblemanntè, menmsi dlo a sanble l klè. Itilize dlo nan boutèy, dlo bouyi, oswa dlo trete pou bwè, pou kwit manje, pou fè vesèl, pou bwose dan w, epi pou lave men w. Bwè dlo ki nan boutèy sèlman lè bouchon an sele. Boutèy ki gen plastik ki sele bouchon an ki kase, ka gen dlo ladan l ki pa potab.

Kadav Moun:

Kadav moun pa koze maladi souvan ni yo pa pwopaje maladi souvan. Si wap manyen kadav moun, pwoteje men w ak pye w pou objè pwenti pa fann yo. Evite pou san oswa likid ki soti nan kò moun pa voltije sou figi w. Evite manyen figi w epi netwaye men w avèk savon e ak dlo pwòp leplito ke posib. Si w vin blese pandan wap netwaye, san pèdi tan, netwaye blesi a avèk savon e ak dlo pwòp, epi mande yon doktè pou l ba w yon piki antitetanik (pou pa gen tetanòs).

Maladi Kolera

Kolera bay gwo dyare, vomisman ak kranp nan janm. Kolera ka touye yon moun si moun sa a pa resevwa tretman medikal. Moun ka trape kolera nan dlo ki gen ekskremàn moun ladan l oswa nan manje ki kontamine, sitou nan kristase ki kri oswa ki pa byen kwit. Moun pap trape kolera nan dlo ki bouyi pandan 1 minit oswa nan dlo yo trete avèk 5 gout klowòks ki sèvi nan kay.

Kolera bay gwo dyare, vomisman ak kranp nan janm. Kolera ka touye yon moun, si moun sa a pa resevwa tretman medikal. Moun ka trape kolera nan manje ki gate, sitou nan kristase ki kri oswa ki pa byen kwit. Lave fwi ak legim fre avèk dlo ki bouyi pandan 1 minit oswa dlo ki trete avèk 5 gout klowòks ki sèvi nan kay. Pou anpeche kolera mete pye, lè wap prepare manje, bouyi l, kwit li, kale l, oswa bliye l.

Kolera bay gwo dyare, vomisman ak kranp nan janm. Kolera ka touye yon moun si moun sa a pa resevwa tretman medikal. Al kay doktè si w gen nenpòt nan sentòm ki endike ou ka gen kolera. Lave men w, imedyatman, avèk savon e ak dlo pwòp si w pran kontak avèk yon moun ki gen maladi kolera.